
KISA «THE BASICS» YE?

Lasyans montre ke 80% kwasans sèvoa fèt nanlaj twazan! Kòmanse nan nesans, jèn sèvo yo devlope tankou ti misk, yo vin pi gwo epi pi fò plis oumenm ak fanmi w entèraj ak pitit ou a.

«The Basics» se senk fason amizan, senp, ak puisan pou ede tout timoun ki nan tranch laj 0-3 ane grandi, gen kè kontan epi vin entèlijan.

Fè tout aktivite «The Basics» yo chak jou pou ede pitit ou tounen moun ekstrawòdinè sa a ou panse yo ka tounen an.

Pataje Lanmou, Jere Strès



Bebe ak timoun piti byen devlope lè yo santi antouraj yo gen lanmou, sekirite ak previzibilite. Reponn ak souri, mo, ak touche pou ede yo wè, tande, epi santi lanmou w. W ap ede yo devlope yon sans sekirite ak kontwòl pèsònèl.

Pale, Chante, epi Lonje Dwèt



Bebe aprann lang apati moman yo fèt. Reponn ak son yo, epi pita, ak mo yo. Konekte pandan w ap gade yo epi pale ak yon ton vwa ki gen lanmou, pandan w ap montre yo de kisa w ap pale.

Konte, Gwoupe, epi Konpare



Sèvo chak timoun pwograme pou mat. Pale de chif, fòm, chema ak konparezon pandan nap fè woutin nou ansanm. Obsève pitit ou aprann epi renmen mat.

Chache Konnen Nan Fè Mouvman Epi Jwe



Bebe tankou syantifik ki renmen fè dekouvèt. Obsève pou wè sa ki enterese pitit ou, answit ankouraje kiryozi yo epi ede yo aprann pandan y ap jwe ak eksplòre.

Li Istwa Ansanm epi Brase Lide Sou Istwa Yo



Lekti fè timoun tounen pansè ki gen konfyans nan tèt yo. Fè liv tounyen yon pati regilye nan relasyon nou depi nan kòmansman. Avèk ti bebe yo, montre imaj yo epi pale ak eksitasyon. Ak jèn timoun, jis fè li amizan.

Kiyès Ki Enplike?

Anpil moun! Patnè nou yo genyen ladann lopital, sant sante, lekòl, sant kominotè, founisè swen timoun, legliz, manb fanmi ak lòt.

E Si Mwen Pa Gen Pitit?

Ou sousye kanmenm de timoun! Aprann sou «The Basics». Ankouraje paran ak moun k ap bay swen yo asire yo ke timoun fè ekperyans tout senk yo ak tout moun ki sousye de yo.

Kijan Mwen Ka Aprann Plis?

Vizite TheBasics.org oswa konekte ak nou sou medya sosyal pou enfòmasyon sou kanpay, opòtinite nan kominote w, konsèy, ak videyo.